

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa beungkeutan aturan, kagiatan, jeung prosédur nu digunakeun ku para palaku disiplin élmu (Rosyidah & Fijra, 2021, kc. 1). Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 2) métode panalungtikan mangrupa léngkah ilmiah pikeun meunangkeun data kalawan tujuan jeung mangpaat nu tangtu. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode anu digunakeun nya éta métode déskriptif kualitatif.

Panalungtikan kualitatif déskriptif nyaéta panalungtikan anu métodena pikeun ngagambarkeun hasil panalungtikan jeung miboga tujuan pikeun nepikeun déskripsi, bahasan, jeung validasi ngeunaan fénoména nu ditalungtik. Dina ngagunakeun jenis panalungtikan déskriptif, masalah nu dirumuskeun kudu luyu jeung nu diangkat, ngandung ajén ilmiah. Tujuanna ogé ulah lega teuing jeung ngagunakeun data nu sipatna fakta sarta lain opini (Ramdhan, 2021, kc. 7-8).

Métode kualitatif déskriptif ngaguar ngeunaan hal nu aya patalina jeung hiji kondisi, kumpulan manusa, lingkungan jeung fénoména séjénna sacara alamiah, dasar-dasar tiori nu jadi pondasi masalah dina panalungtikan. Métode kualitatif déskriptif nyaéta panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal - hal nu geus disebutkeun, nu hasilna didadarkeun dina wangun laporan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 3). Métode kualitatif déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun kumaha asal usul jeung sajarah, prak – prakanna, ajén éstétika dina Tari Umbul sarta bahan pangajaran maca di kelas XII SMA.


3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rencana nu nuduhkeun gambaran utama tina hiji hal nu rék dilakukeun (Arikunto, 2013, kc. 175). Desain panalungtikan mangrupa rarancang ti saméméh kagiatan, prakna panalungtikan jeung sabada

panalungtikan. Ti saméméh panalungtikan dilaksanakeun, prak-prakan panalungtikan, jeung sabada panalungtikan nepi ka nyusun laporan.

Desain ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngébréhkeun sajarah kamekaran Tari Umbul, unsur pokok jeung unsur komposisi Tari Umbul, ajén éstétika dina Tari Umbul jeung hasil larapan panalungtikan pikeun bahan pangajaran. Anapon desain panalungtikan digambarkeun saperti ieu :

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data jeung Partisipan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi mangrupa tempat pikeun observasi. Lokasi dina ieu panalungtikan nya éta di Menara Kujang Sapasang Jemah, Kecamatan Jatigedé, Kabupatén Sumedang. Letak Geografisna 6.777.52 Ha ku jumlah penduduk 21.898 jiwa. Aya 13 Desa/Kelurahan nya éta Mekarasih, Ciranggem, Cisampih, Kadu, Lebaksiuh, Cintajaya, Cicipung, Jemah, Cijeunjing, Kadujaya jeung Karedok. Wates wilayahna saperti kieu :

1. Utara (Kalér) : Kecamatan Tomo
2. Selatan (Kidul) : Kecamatan Jatinunggal jeung Kecamatan Wado
3. Barat (Kulon) : Kecamatan Darmaraja jeung Kecamatan Cisit
4. Timur (Wétan) : Kabupatén Majalénka



Gambar 3.1 Peta Kabupatén Sumedang

Sumber : *Disdukcapil Kab. Sumedang 2021*

3.2.2 Kondisi Sosial Budaya Kecamatan Jatigede

1) Penduduk

Jumlah Penduduk di Kelurahan Situ Kecamatan Jatigede aya 21.898 jiwa. Sacara rinci bisa katitén ieu di handap.

Tabel 3.1 Jumlah Penduduk Kecamatan Jatigede taun 2021

No	Jenis Kelamin	Jumlah
1	Laki-laki	10.809
2	Perempuan	11.089
Jumlah		21.898

Sumber : Laporan kependudukan Kec. Jatigede 2021

2) Pendidikan

Pendidikan di Kecamatan Sumedang Utara bisa katitén ieu di handap.

Tabel 3.2 Kaayaan Kecamatan Sumedang Utara nurutkeun Pendidikan taun 2021

No	Jenjang Pendidikan	Sekolah	Murid	Guru
1.	TK/RA	5	112	10
2.	SD/MI	21	1.770	167
3	SMP/MTS	4	741	65
4	SMA/SMK/MA	1	200	12
5	Universitas	-	-	-
Jumlah		31	2.823	254

Sumber : Laporan kependudukan Kec. Jatigede 2021

3) Basa



Basa nu digunakeunna nyaéta basa Sunda. Sanajan sok aya nu maké basa Indonesia tapi remenna mah make basa Sunda minangka basa Indung di Kabupatén Sumedang.




3.2.3 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nyaéta subjék data nu rék ditalungtik (Arikunto, 213, kc. 172). Dina nganalisis hasil panalungtikan kudu nangtukeun sumber nu rék dipaluruh luyu jeung tujuan panalungtikanna. Sacara umum sumber data ngawengku tilu rupa nya éta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*papper*).

- 1) Jalma (*person*), nyaéta sumber data panalungtikan nu méré informasi boh sacara lisan boh sacara tulisan. Di handap ieu jalma nu jadi data sumber data panalungtikan.

Tabel 3.3 Informan Panalungtikan

No	Wasta Informan	Data Informan
1.	<p>Sri Dewi Andhayani</p> 	<p>Ping Gumelar : Sumedang ,27 Desember 1974</p> <p>Pakasaban : pendamping désa</p> <p>Yuswa : 48 taun</p> <p>Atikan : SMAN Cimalaka</p> <p>Padumukan : Dusun Cijambé RT 04 RW 02 Désa Cijambé, Kecamatan Paséh, Sumedang</p>
2.	<p>Rosalya Suzzanty S. Sen</p> 	<p>Ping Gumelar : Sumedang, 5 Juni 1984</p> <p>Pakasaban : seniman</p> <p>Yuswa : 39 taun</p> <p>Atikan : Institut Seni Budaya Indonesia</p> <p>Padumukan : Dusun Ciperdanta RT 04 RW 06 Jatisari Kecamatan Tanjungsari Sumedang</p>

3.	<p>Rina Rubianti, S.Pd (Ambu Karina)</p> 	<p>Ping Gumelar : Sumedang, 29 September 1971 Yuswa : 52 taun Pakasaban : Guru Atikan : Institut Seni Budaya Indonesia Padumukan : Lingkungan Angkrék Timur no 23 Rt 02 Rw 16 Kelurahan Situ Kecamatan Sumedang Utara</p>
4.	<p>Kawi, S.Sen, M.Sn</p> 	<p>Ping Gumelar : Majalengka, 27 Maret 1961 Pakasaban : Dosén Yuswa : 62 taun Atikan : Institut Seni Budaya Indonesia Padumukan : Lingkungan Angkrék Timur no 23 Rt 02 Rw 16 Kelurahan Situ Kecamatan Sumedang Utara</p>
5.	<p>Suhadi, S.Kom</p> 	<p>Ping Gumelar : Sumedang, 5 April 1970 Yuswa : 53 taun Pakasaban : Kepala Dinas Kebudayaan Atikan : Universitas Komputer Indonesia Padumukan : Dusun Cipadung Rt 03 Rw 08 Desa Situraja Utara Kecamatan Situraja</p>

6.	<p>Tatang Rusiman, A.Md</p> 	<p>Ping Gumelar : Sumedang, 16 Agustus 1979 Yuswa : 43 taun Pakasaban : Karyawan Disparbudpora Atikan : Universitas Padjajaran Padumukan : Perbatasan Blok 3 Perum Jatihurip Belakang No. 29</p>
7.	<p>Cucu Haryadi S.Sen</p> 	<p>Ping Gumelar : Sumedang, 16 April 1974 Yuswa : 49 taun Pakasaban : Guru Atikan : Institut Seni Budaya Indonesia Padumukan : Desa Situraja Utara Dusun Babakan Pondok Pasantrén</p>

- 2) Tempat (*place*) dilaksanakeun ieu panalungtikan nyaéta di Kujang Sapsang Jemah, Kecamatan Jatigedé, Kabupatén Sumedang



Gambar 3.2 Gambar Menara Kujang Sapasang

- 3) Dokumén atawa kertas (*paper*) nyaéta arsip ti narasumber mangrupa foto - foto jeung arsip séjénna.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan pikeun kapentingan laporan nyaéta ngagunakeun opat téhnik diantarana talaah pustaka observasi, wawancara jeung dokuméntasi.

1) Téhnik Talaah Pustaka

Téhnik talaah pustaka mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara maham sarta matalikeun kana tiori-tiori ngaliwatan literatur nu patali jeung ieu panalungtikan (Wahyudin, 2017, p. kc. 2). Contona nya éta buku éstétika jeung kabudayaan, karya ilmiah boh jurnal boh artikel jeung sumber tinulis séjénna nu aya patalina jeung éstétika sarta bahan ajar.

2) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nyaéta runtuyan data nu mangrupa tanya jawab antara panalungtik jeung narasumber minangka informasi dumasar masalah panalungtikan

nu ditalungtik (Sahir, 2021, kc. 45). Wawancara jadi salasihiji téhnik ngumpulkeun data pikeun manggihan pasualan jeung informasi ka narasumber kalayan nyosok jero ngeunaan Tari Umbul.

3) Téhnik Observasi

Obervasi nyaéta téhnik ngumpulkeun data ku cara panalungtik turun langsung ka lapangan, tuluy nilik kana masalah nu aya, sahingga panalungtik bisa ngagambarkeun ieu hal dipatalikeun jeung téhnik ngumpulkeun data séjénna saperti kuésioner atawa hasil tina wawancara nu dipatalikeun jeung tiori sarta panalungtikan saméméhna (Sahir, 2021, kc. 30).

4) Dokuméntasi

Dokuméntasi nyaéta cutatan kagiatan nu geus kajadian (Sugiyono, 2017, kc. 240). Dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu geus karandapan ngaliwatan media nu ngawengku rékaman sora, foto, video, catetan, surat-surat, jsb. Dina dokuméntasi perlu alat bantu saperti *handphone* jeung kaméra.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nyaéta catatan u geus nganalisis sakabéh data nu dikumpulkeun ngaliwatan sawatara téhnik ngumpulkeun data nu geus ditalungtik.

Téhnik ngolah data nu ditalungtik nya éta 1) Téhnik analisis déskripsi Tari Umbul

2) Téhnik analisis ajén éstétika 3) Téhnik analisis bahan ajar

1) Téhnik Analisis Déskripsi Tari Umbul

Analisis Déskripsi Tari Umbul ngawengku pedaran sajarah jeung kamekaran sarta gelarna Tari Umbul di Kabupatén Sumedang

2) Téhnik Analisis Ajén Éstétika

Analisis ajén éstétika dina Tari Umbul ngawengku ajén éstétis atawa ajén murni jeung ajén ékstra éstétis atawa ajén panambah.

3) Téhnik Analisis Bahan Ajar

Analisis bahan ajar dina ieu panalungtikan nya éta luyu jeung kurikulum nu ditangtukeun ku cara nangtukeun kritéria milih bahan ajar jeung nyusun bahan pangajaran ngeunaan maca artikel.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan miboga mangpaat nyaéta pikeun informasi nu dimeunangkeun ku panalungtik jeung salaku alat pikeun ngawawancara narasumber (Sahir, 2021, kc. 45)

3.4.1 Instrumén Talaah Pustaka

Panalungtik ngagunakeun buku-buku nu aya patalina jeung éstétika, kabudayaan jeung bahan ajar. Salianti éta karya ilmiah jadi salasahiji dadasar pikeun panalungtikan.

Tabél 3.4 Instumén Buku

No	Téma Buku	Digunakeun	Teu Digunakeun
1.	Kabudayaan	√	
2.	Sastra		√
3.	Kabahasaan	√	
4.	Pangajaran	√	

3.4.2 Istrumen Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nyangking informasi ti narasumber ngeunaan Tari Umbul, esuina nyaéta daptar patalékan jeung masalah nu karandapan.

Tabel 3.5 Data Informan

Wasta	:	
Tempat, Ping Gumelar	:	
Yuswa	:	
Atikan	:	
Alamat	:	

Tabel 3.6 Instumén Pedoman Wawancara

No	Indikator	Perkara nu Diobsérvasi
----	-----------	------------------------

1.	Asal Usul	<ol style="list-style-type: none"> 1. Kumaha sajarah jeung kasang tukang Tari Umbul di Kabupatén Sumedang? 2. Ti iraha ayana Tari Umbul? 3. Saha nu nyiptakeun Tari Umbul? 4. Naha make dingaranan Tari Umbul? 5. Naha aya pantrangan dina Tari Umbul? 6. Kumaha réspon masarakat harita? 7. Naha aya ritual sateuacan pintonan lumangsung?
2.	Tujuan jeung Mangpaat	<ol style="list-style-type: none"> 8. Naon tujuan diciptakeunna Tari Umbul? 9. Naon mangpaat tina Tari Umbul ieu?
3.	Waktu, Tempat jeung Palaku	<ol style="list-style-type: none"> 10. Dimana waé biasana dipintonkeunna tempat latihan Tari Umbul? 11. Saha anu jadi penarina? 12. Sabaraha jalmi anu narina?
4.	Properti (Alat Bahan)	<ol style="list-style-type: none"> 13. Saacan acara lumangsung naha aya sawatara hal nu kudu disiapkeun saperti sasajén? 14. Naon waé waditra nu dianggo dina Tari Umbul? 15. Naon waé aksesoris nu dianggo dina raksukan Tari Umbul? 16. Kumaha riasan Tari Umbul? 17. Naha aya rumpaka lagu dina Tari Umbul?
5.	Prak-Prakna	<ol style="list-style-type: none"> 18. Naon waé nu kudu dikawasa ku penari dina Tari Umbul? 19. Kumaha gelarna atawa prak-prakanna Tari Umbul? 20. Naha aya alat nu kudu dibawa nalika ngibing lumangsung? 21. Kumaha pola lantaina? 22. Aya sabaraha gerakan jeung naon nami gerakanna? 23. Naha aya makna tina masing-masing gerakanna?

		24. Kaasup kana jenis tarian naon Tari Umbul téh? 25. Dina acara naon waé Tari Umbul dipagelarkeun? 26. Sabaraha lami pintonanna?
6.	Layang Pangajén jeung Kamekaran	27. Naha aya layang pangajén nu pernah dimeunangkeun? 28. Kumaha peran pamaréntah satempat dina ieu hal? 29. Kumaha réspon masarakat kiwari kana Tari Umbul?

3.4.3 Instrumén Observasi

Instrumén obsérvasi nyaéta média pikeun ngarojong kagiatan panalungtikan lumangsung. Ieu di handap mangrupa instrumén observasi nu karandapan.

Tabel 3.7 Instrumén Cékliis Obsérvasi

No	Indikator	Perkara anu diobsérvasi	Kaobsérvasi	Henteu
1.	Palaku	1. Inohong nu nyiptakeun Tari Umbul 2. Penerus tokoh Tari Umbul di Kabupatén Sumedang	√	
2.	Pakakas	3. Waditra nu dianggo dina pintonan Tari Umbul 4. Raksukan nu digunakeun dina pintonan Tari Umbul 5. Riasan nu dianggo Tari Umbul	√	
3.	Prak-prakan	6. Lila lumangsungna Tari Umbul 7. Tempat pintonan Tari Umbul 8. Gelarna Tari Umbul	√	

3.4.4 Instrumén Dokuméntasi

Dina ieu panalungtikan instrumén dokuméntasina nya éta *handphone* pikeun ngarékam informasi ti sababaraha narasumber jeung kaméra pikeun ngadokuméntasikeun video jeung gambar.

3,5 Analisis Data

Data-data nu geus dikumpulkeun nalika panalungtikan di lapangan, diidentifikasi jeung dianalisis ngagunakeun tiori nu digunakeun nya éta éstétika pikeun ngajawab pasualan-pasualan nu aya dina rumusan masalah. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap :

1. Mariksa jeung ngecék data panalungtikan;
2. Ngadéskripsikeun data;
3. Nyieun validasi data;
4. Nganalisis data; jeung
5. Nyieun kacindekan tina hasil data nu geus kapuluruh.